

# Chat konstitisyonèl Kominote Lach yo

Yon vèsyon pou konsiltasyon ki pote dat 21 janvye 2022



Pandan nou fikse je nou sou dis pwochen lane k ap vini yo, nou akeyi chat konstitisyonèl sa a pou ede epi gide nou.



## Chat konstitisyonèl sa a tankou yon kat pou tabli:

- Kilès nou ye
- Kisa nou fè
- Eksperyans ki sèvi nou kòm fondman epi ki gide nou
- Valè fondamantal nou
- Pratik fondamantal nou
- Yon sèl Federasyon men ki plen diferans
- Yon sosyete ki renmen moun

### Kiyès nou ye, idantite nou



- Nou se moun kap viv ak andikap entelektyèl oswa san andikap entelektyèl ki ap pataje lavi nou nan Kominote ki andan Federasyon Entènasyonal la.

- Relasyon moun ak moun, konfyans nan Bondye se sa ki nannan viv ansannan nan
- Nou deklare pwòp valè patikilye chak gren moun epi rekonèt bezwen nou youn pou lòt.

### Eksperyans ki sèvi nou kòm fondasyon epi ki gide nou:



- Relasyon resiprok atravè diferans transfòme nou. Rankòt sa yo ede nou aji ak plis otantisite epi plis libète

### Kisa nou fè, misyon nou

- Nou fè tout moun konnen don moun ki gen andikap entelektyèl yo, nou rekonèt don sa yo nan relasyon yonn ak lòt, ki transfòme nou.
- Nou bati yon anvirònman nan kominote a ki reponn a bezwen zanmi yo kap chanje tout tan, san nou pa kite dèyè valè fondamantal istwa nou.
- Nou anrasine nou nan dives kilti nou yo, pandan nap travay ansanm pou yon sosyete kote moun vinn pi moun.



### Rasin Valè fondamantal nou se eksperyans nou

- Nou angaje nou respekte dijite chak grenn moun
- Moun ki gen andikap entelektyèl gen limyè, lidèship ak kado sosyete a bezwen
- Nou pataje lavi ansanm. Nou chwazi vokasyon apèl sila epi defi viv nan kominote
- Diferans se an menm tan yon baryè epi yon envitasyon. Nan Lach, nou ede zanmi yo konprann eksperyans nou fè chak jou nan monn lan, atravè divès kapasite, eksperyans, relijyon, kilti ak lang yo.
- Lavi espiyèl ak sans li pote se sa ki pi enpòtan pou yon lavi ki rich. Rasin Lach soti nan levanjil kreyen, epi li kontinye pran fòm ak moun ki gen diferan kwayans, pratik ak relijyon.





### Pratik fondamantal nou pran rasin nan lavi chak jou

- Nou krewe espas pou pataje lavi nou ansanm: nan fwaye, nan atelye epi lòt fòm rankont fizik oswa vityèl
- Nou chwazi krewe tan pou nou pataje manje, travay ak lòt aktivite; tan pou nou tande youn lòt oswa pase tan youn ak lòt.
- Nou krewe moman refleksyon, tan pou rakonte istwa, pratike lafwa, lòt rityèl ak lapriyè.
- Nou selebre ansanm evènman ak lòt okazyon ki pèmèt make moman nan lavi a tankou anivèsè, fèt, akèy, depa, kwasans ak lanmò.
- Lidèship ak desizyon egzèsè sou baz bon kapasite koute nou
- Nou egzèsè lidèchip ak pran desizyon ki baze sou abitud yonn koute lòt.
- Nou pran swen youn lòt; nou grandi nan jan nou aprann, konbat lavi a, viv an sekirite epi montre sa nou konnen. Sa ki montre nou pran swen yonn lòt tout bon se mete a klè sa kap pase nan kominote a.



### Federasyon nou an, nou se yon sel ak anpil diferans

- Chak grenn kominote Lach se yon rezo relasyon, ki makonnen ak lòt kominote gras ak istwa, zanmitay, valè epi abitud yo.
- Kominote nou yo fè pati de sosyete kote yap viv la : nan pataje valè ak abitud. Lach ka parèt diferan selon kilti kote li tabli a
- Gen plizyè fason pou angaje nan Lach epi gen lòt modèl ki ap parèt. Angajman sa yo chita sou valè, abitud, idantite ak misyon nou.
- Kelkeswa kote nou ye, nou angaje nan domèn patenarya, pledwaye, jistis epi rann zanmi yo otonòm.
- Akote apèl lavi kominote a, nou santi tou yon chwa pou pwoteje anviwònman an.
- Pandan n ap pataje don Federasyon nou an, nou rekonèt lonbraj ki genyen nan istwa fondasyon an. Nou kolabore pou genyen plis entegrite ak responsabiltè atravè kominote nou yo.



### Pou rive gen yon sosyete san fòs kote, kote tout moun se moun



- Kominote nou yo pa bout la. Misyon nou reyalize pi byen lè nou makonnen ak sosyete kote kominote nou yo tabli -epi aprann de yo.
- Nou jwenn inite nan divèsite, fòs nan frajilite, epi libète nan depandans.
- Rankont ant moun ki diferan mennen nan nouvo fason pou viv epi egziste; sa kontribye tou pou bati yon monn kote lanmou tabli nèt ale. Relasyon sa yo se yon siy lespwa ak rekonsilyasyon pou monn nou an, ki se kay nou genyen pou nou tout la.

